**दिन– सोमवार** **दिनांक–23.06.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पटनाक कच्ची दरगाह सँ वैशालीक बिदुपुरक मध्य गंगा नदी पर बनल सिक्स लेन पुलक एक हिस्सा कँ आम लोक सभक लेल खोलि देल गेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पुल के राघोपुर धरिक हिस्साक उद्घाटन कयलनि। एहि पुलक लंबाई चारि दशमलव पाँच सात किलोमीटर अछि। एहि पुल के शुरू होयबा सँ महात्मा गांधी सेतु पर यातायातक दबाव कम होयबाक संगहि स्थानीय लोक सभक लेल आवागमन सुगम भऽ गेल अछि। ई गंगा नदी पर बनल एक्सट्रा डोज केबल स्टे ब्रिज अछि। एकरा सय किलोमीटर प्रतिघंटाक रफ्तारक अनुरूप डिजाईन कयल गेल अछि। एक्सट्रा डोज केबल ब्रिजक विशेषता ई अछि जे एहि मे केबल कँ सोझे टावर सँ नहि बल्कि डेकक नीचाँ एक बिंदु सँ दोसर बिंदु धरि विशेष ढंग सँ जोड़ल गेल अछि, जाहि सँ एकर संरचना नहि केवल अत्याधुनिक बल्कि आओर कतेको गुना मजगूत अछि। उद्घाटन समारोह मे केन्द्रीय मंत्री चिराग पासवान, उप मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव, सांसद रविशंकर प्रसाद, नेता प्रतिपक्ष तेजस्वीय प्रसाद यादव आ पथ निर्माण मंत्री नितिन नवीन मौजूद छलाह।

---

केन्द्रीय खाद्य आ सार्वजनिक वितरण मंत्री प्रल्हाद जोशी आइ खगड़िया जिलाक पसराहा मे पचास हजार मीट्रिक टन क्षमतावला नवनिर्मित साइलो गोदामक उद्घाटन कयलनि। एहि सँ स्थानीय किसान सभ कँ अन्न भंडारण मे सहायता भेटत।

---

राजद अध्यक्ष लालू प्रसाद पार्टीक सांगठनिक चुनावक तहत आइ राष्ट्रीय अध्यक्ष पद लेल नामांकन दाखिल कयलनि। पटना स्थित राजदक केन्द्रीय कैंप कार्यालय मे श्री प्रसाद पार्टीक राष्ट्रीय निर्वाचन पदाधिकारी डॉक्टर रामचंद्र पूर्वेक समक्ष अपन नामांकन पत्र भरलनि। काल्हि नामांकन पत्रक जाँच कयल जायत आ काल्हिए अंतिम रूप सँ प्रत्याशी सभक नाम

प्रकाशित कऽ देल जायत। पाँच जुलाई के औपचारिक रूप सँ अध्यक्ष पद पर निर्वाचनक घोषणा कयल जायत। पार्टी सूत्रक अनुसार किनको आओर नामांकन भरबाक संभावना नहि अछि। एहि लेल लालू प्रसादक तेरहम बेर पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष बनब लगभग तय अछि।

———————————————————————————————

राज्य सरकार सात आईपीएस अधिकारी लोकनिक तबादला कऽ देलक अछि। गृह विभागक अधिसूचनाक अनुसार दू हजार पाँच बैचक भारतीय पुलिस सेवाक अधिकारी जितेन्द्र राणा कँ पटनाक पुलिस महानिरीक्षक बनायल गेल अछि। ओतहि, गरिमा मल्लिक कँ निगरानी अन्वेषण ब्यूरो, पटनाक आईजी नियुक्त कयल गेल अछि। राकेश राठी कँ विशेष शाखाक आईजी, एस. प्रेमलथा कँ तकनीकी सेवा आ संचारक आईजी बनायल गेल अछि। एम्हर, मनोज कुमार तिवारी कँ सीवानक पुलिस अधीक्षक नियुक्त कयल गेल अछि, जखनकि अमितेश कुमार कँ विशेष शाखा, सुरक्षा आ के. रामदास कँ सीआईडी के पुलिस अधीक्षक बनायल गेल अछि।

———————————————————————————————

दक्षिण–पश्चिम मानसूनक सक्रियताक कारण प्रदेशक बेसीतर भाग सभ मे मध्यम सँ भारी बरखा दर्ज कयल गेल अछि। राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–पूर्व आ दक्षिण–पूर्व भाग सभ मे फिलहाल मानसून केन्द्रित अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, किशनगंज आ अररिया जिला मे किछु ठाम बहुत बेसी बरखाक आशंका अछि। विभाग समस्तीपुर, वैशाली, पटना आ नालंदा जिला मे किछु ठाम मेघगर्जन, ठनका आ तेज हवाक संग बरखाक अलर्ट जारी कयलक अछि।

———————————————————————————————

मुंगेर जिलाक हवेली खड़गपुर मे श्यामपुर थाना क्षेत्रक रघुनाथपुर गाम मे ठनका खसला सँ एक महिलाक मृत्यु भऽ गेल। घटनाक समय मृतिका खेत मे काज कऽ रहल छलीह। अंचलाधिकारी हरेन्द्र कुमार घटनाक पुष्टि करैत जनौलनि जे सरकारी प्रावधानक अनुसार मृतिकाक परिजन कँ मुआवजा देल जायत। ओतहि, अररिया जिलाक भरगामा थाना क्षेत्र अंतर्गत हरीपुर मुसहरी टोला मे मवेशी चरयबाक दरमियान ठनका खसला सँ एक व्यक्ति

के मृत्यु भऽ गेल, जखनकि जिलाक रानीगंज प्रखंडक गुणवती मे बरखाक दरमियान आकाशीय बिजली सँ दू घर जरि कऽ खाक भऽ गेल।

———————————————————————————

केन्द्रीय प्रत्यक्ष कर बोर्ड पैन कार्डक लेल नव नियम लागू कयलक अछि। एकर तहत पैन कार्ड बनेबाक लेल आब आधार सत्यापन अनिवार्य कयल गेल अछि। नव नियम एक जुलाई सँ प्रभावी होयत। एखन धरि पैन कार्ड बनेबाक लेल आधार कार्डक आवश्यकता नहि होयत छल। बोर्ड कहलक अछि जे एहि बदलावक उद्देश्य फर्जी पैन कार्ड निर्माण पर रोक लगायब अछि।

———————————————————————————

सुपौलक जिलाधिकारी सावन कुमार साप्ताहिक समीक्षा बैसकक दरमियान कतेको विभाग सभ मे लंबित मामिलाक समीक्षा कयलनि। ओ शिकायत सभ के शीघ्र निष्पादनक आदेश देलनि।

———————————————————————————

डीआईजी आशीष भारतीक निर्देश पर बेगूसराय आ खगड़िया जिलाक सभ थाना क्षेत्र मे अभियान चला कऽ एकहत्तरि अपराधी के गिरफ्तार कयल गेल अछि। गिरफ्तार अपराधी सभक लऽग सँ हथियार, मादक पदार्थ आ आन आपत्तिजनक समान बरामद कयल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।